Department of Health and Mental Hygiene
Mary T. Bassett, MD, MPH
Carmen Fariña
nyc.gov/health

Department of Education
Carmen Fariña
schools.nyc.gov/

SEPTANM 2014

EGZIJANS ONIVO MEDIKAL POU NOUVO ELÈV K AP ANTRE LEKÒL

(LEKÒL LETA, PRIVE, PAWASYAL, AK SANT GADRI)

TOUTE ELÈV K AP ANTRE NAN YON LEKÒL VIL NOUYÒK POU PREMYE FWA DWE FÈ YON EGZAMEN FIZIK MEDIKAL EPI DWE PRAN TOUT VAKSEN OBLIGATWA.

Yo dwe dokimante egzamen medikal konplè sa a nan yon fòm *Child Adolescent Health Examination Form* (CH205) epi yo dwe mete ladan l bagay sa yo :

Gwosè	Wotè	Tansyon	Endèks Mas Kò *Body Mass Index* (BMI)	Egzamen zye
Egzamen pou detèmine kapasite pou tande	Egzamen dan	Antesedan medikal	Evalyasyon devlòpman	Evalyasyon nitrisyon

Egzamen CH-205 la dwe fèt 1ye avril oswa apre 1ye avril ane elèv la antre lekòl. Nou p ap aksepte egzamen ki fèt anvan 1ye avril ane elèv la antre lekòl. Fòm CH-205 moun gen pou ranpli ki gen sou li non tout vaksen ak lè pou elèv pran yo, disponib atravè Achiv Vaksinasyon Vil Nouyòk *New York City Immunization Registry* (CIR). Elèv prematènèl k ap rete nan menm lekòl la pou matènèl dwe soumèt yon nouvo Fòm CH-205.

	Egzamen nesesè pou Gadri sèlman
Depistaj	Enfòmasyon nesesè
Evalyasyon Anemi	Ematokrit ak Emoglobin
Depistaj plon, Evalyasyon ak Tès	• *Yo dwe evalye tout timoun ki poko gen sis ane chak ane pou wè si yo jwenn tras plon nan sistèm yo ki ta endike yo te an kontak ak sibstans lan.* • *Li obligatwa pou fè egzamen san pou timoun laj 1 ak 2 ane AK lòt timoun jiska laj 6 ane ki riske an kontak avèk plon OSWA ki pa gen dosye ki montre yo te deja teste pou plon.* • *Pou plis enfòmasyon, rele pwogram prevansyon anpwazonman avèk plon @ 311.*

EGZIJANS ONIVO VAKSINASYON 2014-2015

Men egzijans onivo vaksinasyon dapre lalwa pou tout timoun ant laj 2 mwa ak 18 ane. Yo dwe voye tounen lakay yo timoun ki vin lekòl si yo pa ranpli kondisyon sa yo.

Dwe gen nan yon dosye vaksinasyon vaksen sa yo pou yo konsidere yon timoun pran pran tout vaksen yo. Yo ta dwe evalye dosye vaksinasyon yo dapre nivo klas y ap fè ane lekòl sa a.

EGZIJANS PWOVIZWA

Nouvo elèv kapab antre lekòl annatandan avèk prèv yon pran premye seri vaksen yo omwen. Depi yo fin admèt li annatandan, yo dwe bay li lòt vaken yo dapre orè ratrapaj Komite konsiltatif Pratik Vaksinasyon *Advisory Committee for Immunization Practices* (ACIP) pou yo konsidere timoun lan "an pwogrè pou vaksinasyon" epi pou l rete lekòl (a; gade sit wèb http://www.cdc.gov/vaccines/schedules/hcp/imz/catchup.html pou orè a). Nou pa aksepte yon lòt orè. Elèv dwe pran tout vaksen yo pou yo ka anrèg avèk lalwa. Elèv ki pa pran vaksen yo pandan peryòd pwovizwa a ap resevwa yon lèt ki di pou yo rete lakay yo epi yo pa ka tounen lekòl toutotan yo pa aplike kondisyon yo.

DAYCARE/PRE-KINDERGARTEN	**KANTITE DÒZ**
DTaP (diphtheria-tetanus-acellular pertussis) OSWA	
DTP (diphtheria-tetanus-pertussis)	1
IPV (poliovirus dezaktive) orswa OPV (poliovirus oral)	1
MMR (measles-mumps-rubella)	1
Lè timoun lan gen ennan oswa plis.	
Hib (Haemophilus influenzae type b)	1
Epatit B	1
Varisèl	1
Lè timoun lan gen ennan oswa plis.	
Pneumococcal conjugate (PCV)	1
Influenza	1
Depann kantite dòz vaksinasyon timoun lan te deja pran, kèk timoun ka bezwen pran 2 dòz vaksen Influenza	

DAYCARE/PRE-KINDERGARTEN	**KANTITE DÒZ**
DTaP, DTP, DT, Td (tetanus-diphtheria) OSWA	
Tdap (tetanus-diphtheria-acellular pertussis)	1
Tip vaksen ki apwopriye selon laj.	
Tdap	**1**
IPV oswa OPV	**1**
MMR	
Lè timoun lan gen ennan oswa plis.	
Epatit B	**1**
Varisèl	**1**
Lè timoun lan gen ennan oswa plis.	

Office of School Health Citywide Contact Number (tout Distri yo)
(347) 396-4597 • (347) 396-4503

APLIKASYON RÈGLEMAN

Ane akademik 2014-15

Egzijans Eta Nouyòk *New York State* (NYS) pou Antre/Prezans lekòl[1]

REMAK : Kantite dòz vaksen obligatwa depann de orè ACIP rekòmande.

Gen nan orè sa a kantite dòz minimòm ki obligatwa pou klas Jadendanfan jiska klas 12yèm grade. Tan ki pou pase ant dòz vaksen yo dwe se sa yo rekòmande nan orè vaksinasyon ACIP pou timoun laj 0 ane jiska laj 18 ane. Al gade remak anba paj la pou enfòmasyon espesifik pou chak vaksen.

APLIKASYON RÈGLEMAN SOU VAKSINASYON 2014					
VAKSEN	PREMATÈNÈL (Gadri, Head Start, Nursery oswa Prematènèl)	MATÈNÈL	KLAS 1ye GRADE jiska KLAS 5yèm GRADE	KLAS 6yèm GRADE	KLAS 7yèm GRADE jiska KLAS 12yèm GRADE
Vaksen DTaP/DPT/Tdap ki gen anatoksin Difteri ak Tetanòs)	**4 dòz**	**4 a 5 dòz** Si yo bay timoun lan katriyèm dòz DTaP a lè l gen katran oswa lè l pi gran, senkyèm dòz la (*booster*) pa nesesè.	**4 a 5 dòz** Si yo bay timoun lan katriyèm dòz DTaP a lè l gen katran oswa lè l pi gran, senkyèm dòz la (*booster*) pa nesesè.	**3 dòz**	**3 dòz**
Vaksen ki gen anatoksin Tetanòs ak Difteri ak Vaksen *Pertussis booster* (Tdap)	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**1 dòz**	**1 dòz**
Polyo (IPV/OPV)	**3 dòz**	**3 a 4 dòz** Si yo te bay timoun lan 4 oswa plis dòz avan laj 4 ane, li dwe pran yon lòt dòz ant laj 4 ane ak laj 6 ane. Pou timoun laj 4 ane oswa pi gran ki te pran anvan mwenske 3 dòz, li nesesè pou yo pran 3 dòz antou. Si yo te bay timoun lan OPV ak IPV kòm yon pati nan yon seri vaksen, yo dwe bay li 4 dòz antou, kèlkeswa laj timoun lan genyen.	**3 a 4 dòz** Si yo te bay timoun lan 4 oswa plis dòz avan laj 4 ane, li dwe pran yon lòt dòz ant laj 4 ane ak laj 6 ane. Pou timoun laj 4 ane oswa pi gran ki te pran anvan mwenske 3 dòz, li nesesè pou yo pran 3 dòz antou. Si yo te bay timoun lan OPV ak IPV kòm yon pati nan yon seri vaksen, yo dwe bay li 4 dòz antou, kèlkeswa laj timoun lan genyen.	**3 a 4 dòz** Pou timoun laj 4 ane oswa pi gran ki te pran anvan mwenske 3 dòz, li nesesè pou yo pran 3 dòz antou. Si yo te bay timoun lan OPV ak IPV kòm yon pati nan yon seri vaksen, yo dwe bay li 4 dòz antou, kèlkeswa laj timoun lan genyen.	**3 dòz**
Lawoujòl *Measles*, Malmouton *Mumps* ak Saranpyon *Rubella* (MMR)	**1 dòz**	**1 dòz** Lè timoun lan gen ennan oswa apre ; yon dezyèm dòz nesesè lè l gen laj 7 ane.	**2 dòz**	**2 dòz**	**2 dòz**
Epatit B	**3 dòz**	**3 dòz**	**3 dòz**	**3 dòz**	**3 dòz**
Varisèel (*Chickenpox*)	**1 dòz**	**2 dòz**	**1 dòz**	**2 dòz**	**1 dòz**
***Haemophilus influenza Type B* (Hib).**	**1 a 4 dòz** Kantite dòz depann de laj timoun lan te pran premye dòz la ; si w gen kesyon, tanpri pale avèk doktè w.	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**
Pneumococcal Conjugate Vaksen (PCV)	**1 a 4 dòz** Kantite dòz depann de laj timoun lan te pran premye dòz la ; si w gen kesyon, tanpri pale avèk doktè w.	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**
Influenza	**1 dòz** Tout timoun ki gen laj 6 mwa jiska 59 mwa ki enskri nan pwogram Prematènèl (Day Care, Head Start, Nursery, oswa Prematènèl) ki reglemante dapre Atik 47 & 43 dwe pran yon dòz vaksen Influenza ant 1ye jiyè ak 31 desanm chak ane. Kèk timoun ka bezwen pran 2 dòz vaksen influenza, depann dosye vaksen yo te pran anvan.	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**	**Pa aplikab**

Remak pou paran : Orè pi wo a se egzijans pou elèv ki kòmanse pran vaksen depi yo ti bebe. Gen lòt egzijans pou elèv ki kòmanse pran vaksen lè yo pi gran. Si w gen kesyon, tanpri pale avèk doktè w.

1. Prèv gen antikò *Measles, Rubella*, Epatit B, Varisèl oswa Polyo (pou tout twa serotip yo) akseptab kòm prèv vaksinasyon pou maladi sa yo. Dyagnostik yon doktè, asistan doktè oswa yon enfimyè ki endike yon timoun te gen maladi varisèl akseptab kòm prèv iminite pou varisèl.
2. Nan remak anba paj la nou endike modifikasyon nou fè nan dokiman an ann Avril 2014. Tanpri al sou sit http://www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools/ pou nouvo enfòmasyon ak Kesyon moun poze souvan *Frequently Asked Questions* (FAQs).

Pou lòt enfòmasyon kontakte :

New York State Department of Health, Bureau of Immunization, Room 649, Corning Tower ESP, Albany, NY 12237, (518) 473-4437.

New York City Department of Health and Mental Hygiene, Program Support Unit, Bureau of Immunization, 42-09 28th Street, 5th Floor, Long Island City, NY 11101, (347) 396-2433.

Office of School Health Citywide Contact Number (tout Distri yo)
(347) 396-4597 • (347) 396-4503